

Yo tradui dokiman sa a soti nan lang Anglè ale nan lang Espayòl, Chinwa, Ris, Italyen, Kreyòl-Ayisyen, Koreyen, Bengali, Yidish, Polonè ak Arab. Yo fè tradiksyon sa yo pou yo ka sèvi kòm gid pou fòmilè an Anglè a e li pa la pou l ranplase itilizasyon fòmilè an Anglè a. Biwo Administrasyon Lwaye a (The Office of Rent Administration, ORA) fè yo tradui dokiman sa a pou ede moun Anglè yo pa fin twò bon. Tanpri ou dwe konnen ke se yon kontraktè Biwo Sèvis Jeneral la anboche ki fè tradiksyon sa a. ORA pa asire oswa garanti si tradiksyon an kòrèk.

Ou ka jwenn vèsyon yo tradui yo sou sit entènèt DHCR la:
hcr.ny.gov



ETA NOUYÒK
DIVIZYON LOJMAN AK RENOUVELMAN KOMINOTÈ
92-31 UNION HALL STREET JAMAICA, NEW YORK 11433
Sit Entènèt: www.hcr.ny.gov

Òf Lokasyon Elektwonik: Konsantman Volontè Lokatè a

Enstriksyon Jeneral

Konfòmman ak Chapit 74 lwa 2022 a ak Pati 309 Lwa Leta Sou Teknoloji a, pwopriyetè batiman ak apatman yo ki anba estabilizasyon lwaye yo dwe resevwa konsantman volontè lokatè a anvan li itilize dosye elektwonik pou siyen oswa renouvle yon kontra lwaye. Itilizasyon dosye ak siyati elektwonik la volontè e yon pwopriyetè pa ka fè l tounen yon obligasyon.

Enfòmasyon ki nan fòmilè konsantman an dwe menm ak enfòmasyon ki nan kontra y ap ofri lokatè a. Yo ka voye tout diferans nan enfòmasyon yo bay nan fòmilè sa ak nenpèt lòt dokiman yo gen pou voye bay DHCR pou revizyon entèn ak aksyon administratif ki apwopriye.

Tanpri konsilte Bilten Operasyonèl 2022-1 an (hcr.ny.gov/operational-bulletin-2022-1) pou plis enfòmasyon detaye.

Ranpli Enstriksyon yo

Jeneral:

Pwopriyetè ak lokatè ki chwazi siyen kontra lwaye de fason elektwonik ansanm ak tout kontra legal, ki gen ladan, men ki pa sèlman, Kontra Lwaye Vil Nouyòk Estabilize ak/oswa Kontra Lwaye Estanda ETPA a, ap toujou lye ak peryòd ki mansyone nan règleman ki gen rapò ak delè pou ofri ak reponn yon òf lwaye. Toude pati yo pral oblije kenbe yon pwèb sèvis ak repons jan sa dekri nan Bilten Operasyonèl 2022-1 an nan òf lwaye elektwonik la. Anplis de sa, yo ka mande yon pwèb nan yon pwosedi devan DHCR ak/oswa nan tribinal yo. **Pou plis detay konsènan delè a, gade Fèy Enfòmasyon # 4 DHCR la. Renouvèlman Kontra Lwaye nan Apatman yo Lwe pou Pri ki Estab.**

Tanpri ou dwe konnen: Y ap aplike konsantman ou bay nan fòmilè sa a nan tout òf renouvèlman lwaye yo pandan peryòd ou rete nan kay la. Ni pwopriyetè a ni lokatè a gen dwa pou pa aksepte òf lokasyon elektwonik alavni lè yo voye yon avi ekri bay lòt moun ki konsène a. Si enfòmasyon pwopriyetè a oswa lokatè a chanje, toulède oblije voye yon avi ekri bay lòt moun ki konsène a, e yo dwe ranpli yon nouvo fòmilè konsantman.

ANVAN OU RANPLI FÒMILÈ A AK SÈVI LOKATÈ A

Pwopriyetè: Se pwopriyetè a ki dwe ranpli dokiman sa a epi yo dwe bay lokatè a l pou li jwenn konsantman volontè lokatè a anvan/oswa pandan òf lokasyon an. Toulède moun yo dwe siyen fòmilè konsantman an e yo dwe bay lokatè a yon kopi. Tanpri konsève kopi tout dokiman yo pou dosye pèsònèl ou. Fòmilè konsantman an **PA** oblije sèvi nan Biwo Administrasyon Lwaye a.

Lokatè Tanpri revize enfòmasyon pwopriyetè an mete yo anvan ou siyen "Tenant's Statement of Consent" lan e anvan w voye fòmilè a retounen bay pwopriyetè a. Pou rezon enfòmasyon sèlman yo te tradwi nan fòmilè sa a an Spanish (Espayòl), Chinese – Traditional (Chinwa - Tradisyonèl), Russian (Ris), Italian (Italyen), Haitian-Creole (Kreyòl-Ayisyen), Korean (Koreyen), Bengali (Bengali), Yiddish (Yidich), Polish (Polonè) ak Arabic (Arab), e ou ka jwenn li sou sit entènèt DHCR la: hcr.ny.gov

PATI A (Pwopriyetè/Reprezantan Pwopriyetè a dwe ranpli tout kazyè yo)

Adrès Apatman Moun ki konsène a:

X X X X X X X X X X X X X X X X X
Nimewo/Ri Apt. Nimewo Vil, Eta, Kòd Postal

Lwaye yo ofri Lokatè a (yo): X X X X X X X X X X X X X X X
(ekri Non w)

Deskripsyon Lwaye a: (Tanpri chwazi youn sèlman) Lwaye disponib Renouvèlman Lwaye

Pwopriyetè/Enfòmasyon Kontak Pwopriyetè a: (Tanpri Ekri an Lèt Detache)

Non: X X X X X X X X X X X X X X X X X

Adrès Imèl: X X X X X X X X X X X X X X X X X

Adrès postal X X X X X X X X X X X X X X X X X

X X X X X X X X X X X X X X X X X X X
Dat Pwopriyetè/Siyati Pwopriyetè a

PATI B (Lokatè a dwe ranpli tout kazyè yo)

Enfòmasyon Kontak Lokatè a: (Tanpri Ekri an Lèt Detache)

Non: X X X X X X X X X X X X X X X X X

Adrès Imèl: X X X X X X X X X X X X X X X X X

Adrès postal: X X X X X X X X X X X X X X X X X
(Si l diferan de adrès Apatman Moun ki konsène a:

Deklarasyon konsantman lokatè a

Mwen dakò, grasa fòmilè sa a, mwen resevwa avi sa a e mwen bay konsantman m pou yon òf lwaye elektwonik ak egzekisyon pwopriyetè batiman sa a pral fè.

X X X X X X X X X X
Non Lokatè (Tanpri Ekri an Lèt Detache)

X X X X X X X X X X X X X X X X X X
Dat Siyati Lokatè (Lank oswa Elektwonik)